

Sizyèm bidjè Majistra Kenney a soutni Ekite nan Sante pou Tout moun, Bon jan Kalite Edikasyon pou Tout moun, Yon Filadèlfi ki gen Plis Sekirite ak Plis Jistis, Kwasans Enklizif ak Katye k ap Pwospere, ak Gouvènman ki Divèsifye, Enklizif, Rantab ak Efikas. Plan FY23-27 la konsantre sou bay sèvis debaz yo, mentni sante fiskal Vil la alontèm, redui diferans rasyal yo, ak avansman rezilta ki gen jistis pou tout Moun Filadèlfi yo.

ESTATISTIK FY23

- ▲ **\$5.51B** REVNI FON JENERAL
- ▲ **\$5.61B** DEPANS FON JENERAL
- ▲ **\$152.8 M** BALANS FON JENERAL = 2.98% REVNI YO
- ▲ **\$181M** NAN NOUVO PRÈ KI GEN SIPÒ TAKS POU PWOJÈ KAPITAL YO

NOUVO INVESTISMAN POU YON REDRÈSMAN EKITAB:

Administrasyon Kenney an pran angajman pou l asire yon redrèsman ekkitab apre pandemi an. Angajman sa a demontre ak investisman annapre la yo:

- ▲ **KOMINOTE PWÒP AK AN SEKIRITE** ki gen ladan bale lari ak netwayaj koridò komèsyal yo, pavaj wout, amelyorasyon devan magazen ak sibvansyon sekirite, finansman pou demolisyon, ak nouvo finansman ogmante pou pwogram kont vyolans.
- ▲ **EDIKASYON** ki gen ladan pwogram PHLpreK elaji, Lekòl Kominotè, ak Pwogram pou Lè Andeyò Lekòl, ak finansman ogmante pou Distri Lekòl Filadèlfi ak Community College of Philadelphia.
- ▲ **SOULAJMAN TAKS** Pa gen okenn ogmantasyon pousantaj taks nan pwopozisyon bidjè a. Si evalyasyon taks sou pwopriete yo pi wo pase sa nou espere, nou pral eksplòre taks sekou ak refòm.
- ▲ **DEVLOPMAN EKONOMIK AK MENDÈV** ki gen ladan \$2M pou Pwojè Pilòt Inisyativ Travay ak Devlopman Rapid (Rapid Employment & Development Initiative, READI), yon modèl mendèv entèvansyon kont vyolans, ak \$3M pou Devlopman Mendèv.

Investisman sa yo pa t ap posib san \$1.4 milya nan fon sekou Plan Sovtaj Ameriken an (American Rescue Plan, ARP) ke Vil la ap resevwa pou konpanse pou revni pèdi pandan pandemi an. Finansman federal sa a, ki te ede elimine yon eka 1.5 milya ki te prevwa, te pèmèt Vil la pa t oblije fè rediksyon ki plis fè mal oswa ogmante to taks yo. Avèk fon sa yo, Vil la ka kontinye bay sèvis debaz yo ak repons pou pandemi an pou evite revokasyon, konstwi yon ti balans fon pou ede pou deranjman fiti yo, epi fè investisman estratejik, jan sa dekri anwo a pou ede Moun Filadèlfi yo sòti nan povrete.

INVESTISMAN NOUVO AK ELAJI FY23



\$184M
POU REDUI AK ANPECHE
VYOLANS



\$389M
INVESTISMAN NAN EDIKASYON
POU PHLPREK, LEKÒL
KOMINOTÈ, DISTRI LEKÒL LA,
CCP, BOUSDETID OCTAVIUS
CATTO AK
EDIKASYON GRANMOUN..
*FINANSMAN SA A SE ANPLIS DE
DOLA TAKS LOKAL YO KI ALÈ
DIRÈKTEMAN NAN DISTRI LEKÒL LA.*



\$20M
NAN SIPÒ OPERASYONÈL POU
ASIRE KE VIL LA KA APLIKE,
RESEVWA, AK METE AN PLAS
PWOJÈ KI FINANSE DAPRE LWA
SOU TRAVAY INVESTISMAN NAN
ENFRASRIKTI (INFRASTRUCTURE
INVESTMENT JOBS ACT, IJJA) AK
\$60M
POU SIBVANSYON KONTRIBISYON
KORESPONDAN KAPITAL LOKAL
YO

REVNI FY23 YO: KIKOTE LAJAN AN SÒTI

\$5.511 MILYA

Fon Jeneral FY23: Revni Taks Lokal ki Pwopoze yo		
	(AN MILYON)	(% NAN REVNI YO)
Salè ak Pwofi Nèt	1,682	30.5%
Kont PICA Vil la	561	10.2%
Taks sou Imobilye (Pati Vil la)	760	13.8%
BIRT	611	11.1%
Taks Transfè Imobilye	300	5.4%
Taks sou Lavant	278	5.0%
Taks sou Bwason yo	78	1.4%
Lòt Taks yo	135	2.4%
Revni lokal ki Pa Taks	373	6.8%
Ajans Lokal yo	65	1.2%
Lòt Fon Vil la	401	7.3%
Èd Eta a	231	1.4%
Èd Federal	36	0.7%
Total	5,511	100%

PWEN ESANSYÈL REVNI YO

- ▲ \$335M Èd nan Plan Sekou Ameriken an. Konble eka bidjè ki prevwa a epi soutni restorasyon sèvis yo ak nouvo investisman yo.
- ▲ Pa gen ogmantasyon to taks
- ▲ To Taks sou Salè ki Pi Ba a depi plizyè deseni

OBLIGASYON FY23: KIKOTE LAJAN AN ALE

\$5.612 MILYA

Fon Jeneral FY23: Depans Taks Lokal ki Pwopoze yo		
	(AN MILYON)	(% NAN DEPANS YO)
Pewòl	2,040	36.4%
Lòt Avantaj Anplwaye yo	761	13.6%
Pansyon	843	15.0%
Sèvis sou kontra	1,167	20.8%
Sèvis Dèt	194	3.5%
Kontribisyon ak Endamnite	386	6.9%
Materyèl, Founiti ak Ekipman	124	2.2%
Peman bay Lòt Fon yo	63	1.1%
Pwovizyon pou Obligasyon Travay yo	11	0.2%
Rezèv pou Resesyon/Pandemi	20	0.4%
Total	5,612	100%

PWEN ESANSYÈL DEPANS YO

- ▲ \$12.3M nouvo depans pou sèvis pou sanzabri
- ▲ \$24.8M pou Fon Afektasyon Espesyal Lojman
- ▲ \$9.8M ogmantasyon pou reyalize sèvis estab senk jou nan tout anplasman bibliyotèk vil la
- ▲ \$5.6M ogmantasyon pou Pak ak Lwazi

ANGAJMAN MAJISTRA KENNEY



FILADÉLFI KI GEN PLIS SEKIRITE AK PLIS JISTIS

Investisman pou ofri meyè posiblite, sèvis sosyal, ak sèvis kalite lavi pou moun ak kominote ki trè arisk yo, pou bay konsekans rapid e previzib nan zafè aplikasyon lalwa pou moun ki angaje nan vyolans ki pa vle èd, epi pou toujou travay avèk yon angajman kominotè reyèl pou ogmante rezistans alontèm.

- ▲ **\$12M** ogmantasyon nan fon pou pwogram Sibvansyon Ekspansyon Kominotè a, pou yon total **\$22M** pou FY23 pou elaji inisyativ yo pou prevansyon vyolans
- ▲ **\$2M** pou elaji Pwogram Entèkansyon Kominotè pou sitiyaasyon Kriz (Community Crisis Intervention Programs, CCIP) ak pwogram Entèkansyon pou Vyolans Gwoup yo (Group Violence Intervention, GVI) pou **\$10.3M** antou nan FY23
- ▲ **\$1.5M** nouvo depans pou pwogram antretyen ak estabilizasyon teren vid yo
- ▲ **\$515,000** pou amelyorasyon biwo syans legal yo



EKITE NAN SANTE POU TOUT MOUN

Investisman pou konstwi yon vil k ap pwospere ki asire sante tout kominote yo, elimine diferans yo, epi pwoteje rezidan yo kont menas ki lakòz maladi ak blesi.

- ▲ **\$12.3M** nouvo depans pou sèvis pou sanzabri
- ▲ **\$5.1M** pou soutni yon ogmantasyon nan sèvis sipò nan Kensington
- ▲ **\$462,000** pou elaji pwogram Koreksyon Pwoblèm Plon nan Kay



GOUVÈNMAN KI DIVÈSIFYE, ENKLIZIF, RANTAB AK EFIKAS

- ▲ **\$275,000** nouvo depans pou fòmasyon sou ekite rasyal
- ▲ **\$224,000** nan nouvo finansman pou ankouraje divèsite nan rekritman
- ▲ **\$100,000** pou lanse pwojè sondaj Philadelphia Voices pou kapte kòmantè rezidan yo yon fason ki ekitab



BON JAN KALITE EDIKASYON POU TOUT MOUN

Investisman ki bay priyorite ak bon jan kalite edikasyon pou timoun yo, jèn yo ak granmoun yo pou soutni yon redrèsman ki pi rapid ak ekitab, epi pou kraze sik povrete ant jenerasyon yo.

- ▲ **\$14M** ogmantasyon parapo ak ane pase ak **\$104M** ogmantasyon depi kòmansman Administrasyon an pou **\$269.9M** antou nan finansman pou Distri Lekòl Filadèlfi a nan FY23
- ▲ **\$2M** nan nouvo depans pou **\$50M** antou nan finansman pou Community College of Philadelphia nan FY23. Sa se anplis de yon ogmantasyon **\$20M** depi kòmansman Administrasyon an.
- ▲ **300 nouvo plas** nan PHLpreK pou yon total 4,300 plas nan FY23 ak **3 nouvo Lekòl Kominotè** pou yon total 20.



EKONOMI ENKLIZIF AK KATYE K AP PWOSPÈRE

Investisman ki soutni yon ekonomi dinamik, divès ki ofri chans pou tout rezidan li yo ak katye li yo.

- ▲ **\$9.8M** ogmantasyon nan fon pou reyalize sèvis estab senk jou nan tout anplasman bibliyotèk vil la
- ▲ **\$2M** nan nouvo depans pou konbat depo fatra ilegal
- ▲ **\$750,000** pou yon Plan Espò pou Jèn nan Tout Vil la
- ▲ **\$175,000** nan depans anplis pou pwogram Color Me Back Same Day Pay ak Jistis Reparatis nan Mural Arts

Investisman pou asire estabilite finansye, akselere pi gwo efikasite ak modènizasyon sèvis yo ak aksè apre pandemi mondyal la, divèsifye piplis mendèv ak kontra li yo, epi adopte yon objektif ekite rasyal nan politik ak sèvis Vil la.

PWOGRAM KAPITAL ANE FISKAL 2023-2028

Nan Ane Fiskal 2023, Vil Filadèlfi pral afekte \$181M pou fè amelyorasyon nan enstalasyon kominotè yo (tankou pak yo ak bibliyotèk yo), lòt bilding piblik yo (tankou biwo ak estasyon ponpye yo), gwo zouti ki nesèsè pou bay sèvis vil la (tankou sistèm IT ak kamyon fatra yo), ak gwo investisman enfrastrikti yo. Anplis, \$60 milyon nan fon ki te deja otorize yo pral tounen afekte pou kontribisyon ekivalan lokal ki nesèsè pou retire lajan federal nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti yo.

Nan tire avantaj sou nouvo \$181 milyon yo, Vil la pral otorize depans jiska \$3.84B nan pwojè Kapital avèk itilizasyon lajan ki soti nan ane anvan yo, fon federal yo, fon Eta a, fon antrepriz otonòm yo (alyas Depatman Dlo ak Ayewopò), ak lòt sous yo nan FY23. Pandan sis ane, Vil la pral afekte \$1 milya nan nouvo prè nan kad \$10.99B nan depans total pou mentni ak modènize enfrastrikti ki egziste deja yo epi devlope nouvo enstalasyon yo.

YON TI KOUTJE SOU: PWEN ESANSYÈL ENVESTISMAN FY23



\$27M

RESIFASAJ AK
REKONSTRIKSYON LARI
AK RANP ADA YO



\$20M

PAK FDR



\$16M

NOUVO SISTÈM
KONTABLITE AK
APWOVIZYÒNMAN



\$16M

PENN'S LANDING
(PWOJÈ PLAFON
I-95)



\$14M

VEYIKIL (TANKOU
KONPAKTÈ FATRA AK
KAMYON PONPYE YO)

PWOJÈ KLE YO

- ▲ **PAK FDR:** Vil la, an pasan Depatman Pak ak Lwazi, pral konsakre \$20 milyon nan FY23 pou Amelyorasyon Plan Direktè Pak Franklin Delano Roosevelt ki pral soutni amelyorasyon bilding ak sit yo pou pwojè transfòmasyon sa a. Investisman sa a siyale angajman Vil la pou l fè Pak FDR yon espas ki an sekirite epi ki ka itilize pou divès kominote ozalantou yo, ki aksesib pou tout moun ki vizite l, epi ki reziste ak klima a pou pwochen jenerasyon yo.
- ▲ **PAVAJ:** Menm jan ak ane pase yo, pi gwo investisman nan Pwogram Sis Ane an, \$173 milyon, pral soutni rekonstriksyon ak resifasaj wout, sa gen ladan enstalasyon ranp ADA yo.
- ▲ **BIBLIYOTÈK GRATIS:** 2.5 milyon prevwa nan bidjè nan FY23 pou Bibliyotèk Gratis la pou fè amelyorasyon nan bibliyotèk santral ak branch yo toutotou vil la. \$1 milyon nan finansman sa a dedye pou pwogram Rekonstriksyon an.